



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 80 MILYON DOLA NAN FINANSMAN LWA SOU OBLIGASYON ANVIWÒNMANTAL LA POU DLO PWÒP, LÈ PWÒP AK TRAVAY EKOLOJIK POU SIPÒTE INISYATIV REZISTANS YO**

***Sibvansyon yo disponib kounye a pou pwojè ki amelyore rezistans klimatik atravè Eta Nouyòk***

***Pwogram finansman pwojè yo pral restore abita plèn inondab yo, redui inondasyon alenteryè yo ak fè zòn kotyè yo vin pi rezistan ak enpak meteyo ekstrèm yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 80 milyon dola nan nouvo finansman sibvansyon disponib pou kominote yo nan Eta Nouyòk pou pwojè rezistans klimatik yo. Sibvansyon yo, ki finanse atravè Lwa 2022 sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik 4.2 milya dola a, pral sipòte pwojè enfrastrikti ki baze sou lanati ak vèt ki fèt pou diminye risk inondasyon yo epi amelyore rezistans kominote a nan move tan ekstrèm.

"Fè Nouyòk vin pi rezistan fas ak tanpèt ki pi devastatè yo ak lòt ijans metewolojik ekstrèm yo se yon pi gwo priyorite pou eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk 80 milyon dola ki disponib kounye a nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la, kominote yo nan tout eta a pral kapab pran dispozisyon ki nesèsè pou pwoteje zòn ki gen tandans inonde yo, pwoteje enfrastrikti yo, epi asire sekirite kay yo, biznis yo ak enfrastrikti enpòtan yo. Envestisman sa yo pral non sèlman ranfòse kapasite nou pou reziste ak tanpèt alavni yo, men tou pral kreye kominote ki pi an sante, ki pi dirab pou jenerasyon k ap vini yo."

Finansman an pral distribye atravè twa nouvo pwogram sibvansyon, yo chak konsantre sou investi nan adaptasyon ak amelyorasyon ki pral pwoteje lavi yo epi minimize fado finansye pou rekipere yo nan pwochen evènman move tan yo. Pwojè yo reprezante yon apwòch pwoaktif nan preparasyon pou ijans, ki priyorize investisman ki bese efè move tan ki lakòz chanjman klimatik yo.

Twa pwogram sibvansyon ki gen rapò ak rezistans yo se:

- **Pwogram Sibvansyon pou Basen Vèsan Rezistan:** 45 milyon dola pral disponib atravè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC), k ap bati sou siksè pwogram Resilient NY la ak fè avanse objektif Eta a pou ranfòse enfrastrikti ak pwoteje Nouyòk yo kont enpak move tan yo.
- **Pwogram Pwojè Reyabilitasyon ak Rezistans Kotyè:** 20 milyon dola pral disponib atravè Depatman Deta (Department of State, DOS) pou kominote kotyè yo. Pwogram nan bay pwojè yo priyorite lè l sèvi avèk solisyon ki baze sou lanati pou amelyore rezistans kominote a pandan l ap bay benefis anviwònmantal, ekonomik ak sosyal tou.
- **Pwogram Aplikasyon Pwojè pou Konbat Inondasyon Enteryè ak Revitalizasyon Bò Lanmè lokal yo:** DOS pral mete disponib 15 milyon dola pou pwojè aplikasyon ki amelyore rezistans bò lanmè ak basen vèsan epi redwi enpak klimatik yo, sitou inondasyon.

**Komisè pa enterim DEC Eta Nouyòk la, Sean Mahar, te deklare,** "Atravè lidèchip Gouvènè Hochul ak investisman istorik nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal yo, Eta Nouyòk ap amelyore rezistans kominote ak evènman meteyo ekstrèm chanjman klimatik lakòz yo. Avèk pwopozisyon Bidjè Egzekitif konplè yo, DEC ak patnè ajans Eta nou yo ap fè avanse pwojè konplè rediksyon risk inondasyon atravè eta a ki pral retabli anviwònman nou an, amelyore kalite dlo ak pwoteje kominote yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la (Environmental Facilities Corporation, EFC) Maureen A. Coleman te deklare,** "Nan ede minisipalite yo pwoteje enfrastrikti dlo enpòtan yo kont evènman meteyo ekstrèm yo, n ap investi nan yon avni ki pi an sekirite, ki pi an sante, epi ki pi vivab pou tout Nouyòk yo. EFC kontan pou l fè patenarya ak DEC pou ranfòse efò kowòdone Gouvènè Hochul pou abòde pwoblèm kalite dlo nan tout eta a epi asire aksè ekitab ak dlo pwòp, ki san danje."

**Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare,** "Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la se yon investisman istorik ak transfòmasyon nan lavni Empire State ki pral pote rezilta pou jenerasyon k ap vini yo. Pwogram ak pwojè esansyèl sa yo pral gen gwo benefis ekonomik, sosyal ak anviwònmantal pou moun ak biznis yo, pwoteje lavi, mwayen pou viv ak pwopriyete yo kont ravaj chanjman klimatik yo epi restore abita ak ekosistèm enpòtan yo."

### **Pwogram Sibvansyon pou Basen Vèsan Rezistan**

Objektif pwogram Sibvansyon pou Basen Vèsan Rezistan an se pou aplike pwojè ki itilize yon apwòch global pou konstwi rezistans kominote a. Pwogram sibvansyon konpetitif nan tout eta a ouvri pou gouvènman lokal yo, Nasyon Endyen yo, Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo Konte yo, ajans eta yo ak kòporasyon ki san bi likratif yo.

Pwojè yo pral ankouraje rediksyon ak restorasyon risk inondasyon ak akimilasyon glas, amelyore rezistans ak inondasyon ak klima, aplike konstriksyon karakteristik natirèl ak

ki baze sou lanati, oswa pwojè ekolojik dirab pandan y ap sipòte abita rivyè ki an sante yo. Pwojè yo finanse nan limit lajan ki disponib dapre kritè evalyasyon yo.

Pwojè yo idantifye nan [etid Pwogram Resilient NY ki egziste ak alavni yo](#) elijib pou aplike pou pwogram nan. W ap jwenn plis enfòmasyon sou elijibilite a isit la: [Rekipasyon ak Rezistans apre Inondasyon - NYSDEC](#)

### **Pwogram Pwojè Reyabilitasyon ak Rezistans Kotyè**

Pwogram nan sipòte aplikasyon pwojè ki ogmante rezistans avèk yon anfas sou pwosesis natirèl ki bay benefis anviwònmanal, ekonomik ak sosyal pou kominote ki nan zòn Kotyè Eta Nouyòk la ak fwontyè Sous Kotyè ki Pa Idantifye a.

Ou ka jwenn enfòmasyon konplè sou pwogram DOS sa a isit la: <https://dos.ny.gov/funding-bid-opportunities>

### **Pwogram Pwojè Aplikasyon Pwogram kont Inondasyon Alenteryè ak Revitalizasyon Bò Lanmè Lokal yo**

Pwogram nan sipòte pwojè aplikasyon ki amelyore rezistans bò lanmè ak basen vèsan epi redwi enpak klimatik, patikilyèman inondasyon.

Ou ka jwenn enfòmasyon konplè sou pwogram DOS sa a isit la: <https://dos.ny.gov/funding-bid-opportunities>

### **Wèbinè ak Kijan pou Aplike**

DEC, DOS ak EFC pral òganize ansanm yon wèbinè pou touletwa opòtinite finansman yo nan 12 mas 2025 soti 10 rive 11 a.m. Pou enskri pou wèbinè a, klike [isit la](#).

Ou ka soumèt aplikasyon pou touletwa opòtinite finansman yo atravè pòtay Aplikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application) a nan <https://apps.cio.ny.gov/apps/cfa/>. Delè pou aplikasyon yo se vandredi 6 jen 2025 a 4 p.m.

Eta Nouyòk ap kontinye avanse inisyativ ak investisman pou ogmante rezistans k ap ede pwoteje kominote yo. Anons jodi a konplete pwopozisyon Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul pou envesti plis pase 1 milya dola pou ede finanse yon avni ki pi dirab ak pi abòdab. Pwopozisyon anbisye sa a se investisman klimatik inik ki pi enpòtan nan istwa eta a, k ap kreye plizyè milye djòb, redui fakti enèji pou kay yo epi redwi polisyon danjere yo.

Anons sa a jodi a montre tou fason yo ka reyalize angajman kontinyè Eta Nouyòk, nan travay avèk kominote lokal yo pou idantifye ak adrese potansyèl enpak klimatik alavni ki gen rapò ak vag tanpèt, nivo lanmè k ap monte ak lòt kondisyon. Bidjè Egzekitif la gen ladan tou 108 milyon dola pou inisyativ rezistans klimatik ki sipòte rezistans kotyè ak finansman adisyonèl pou [Sibvansyon Resiztans Vèt](#) epi kontinye yon rekò 400 milyon dola pou pwogram Fon Pwoteksyon Anviwònmanal ki gen ladan mezi pou adapte ak diminye enpak chanjman klimatik la. Pwogrè yo ap kontinye tou nan administre 4.2

milya dola [atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik](#), ki te atribye apeprè 1.25 milya dola, oswa 25 pousan, nan fon Lwa sou Obligasyon an jiska jounen jodi a.

### **Ajanda Klimatik Eta Nouyòk**

Ajanda klimatik Eta Nouyòk egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)